

Explanation of the Effect of Trusts on Medicaid Eligibility

Kisa yon Fidisi ye?

Yon Fidisi se yon enstriman jiridik kote yon moun bay yon lòt moun (garan) kontwòl sou tout aktif li yo pou debouse dapre enstriksyon moun ki kreye twòs lan. Yon fidisi kapab gen ladan li:

- Lajan Kach oswa lòt aktif likid; ak
- Byen imobilye oswa pèsònèl ki kapab konvèti nan lajan kach.

Kisa yo Konte antanke Aktif yo ak te Itilize pou Tabli yon Fidisi?

Aktif yo mete souvan nan Fidisi la gen ladan li revni, resous akimile yo, ak byen imobilye.

Kijan yon Fidisi Aji sou Avantaj Medicaid yo?

Kòm yon règ jeneral, si w itilize aktif ou yo pou w tabli yon fidisi nan oswa aprè 1ye janvyè 2000, tout osinon yon pati nan aktif fidisi yo pral konte antanke resous ou pou detèmine kalifikasyon ou nan Medicaid.

- Nan ka yon fidisi **revokab**, tout fidisi an se resous ou li ye.
- Nan ka yon fidisi **irevokab**, si gen nenpòt sikonstans kote yo kapab ba w yon peman oswa fè peman an nan avantaj ou, pati fidisi an ki ka sèvi pou fè peman an se resous ou.

Èske gen Nenpòt Eksepsyon nan Règ Kontay sa yo?

Gen kèk eksepsyon ki aplike yo:

- "fidisi pou bezwen espesyal" (pafwa yo rele "fidisi pou bezwen siplemantè") yo te kreye pou avantaj yon moun andikape ki kalifye ki nan 65 lane. Yon "fidisi pou bezwen espesyal" dwe:
 - kreye avèk pwòp byen moun lan;
 - moun ki gen andikap lan , paran moun andikape an, granparan, oswa gadyen legal, oswa yon tribinal dwe kreye li; ak
 - ki gen ladan li langaj ki dekrite ke aprè lanmò moun ki gen andikap lan, Eta a pral resevwa tou kantite lajan ki rete nan fidisi an, jiskaske li rive nan nivo montan Medicaid te peye nan non moun lan; ak
- "Fidisi an gwoup yo" yo kreye pou avantaj yon moun andikape ki kalifye kèlkeswa laj lan. Pou yo konsidere yon "fidisi an gwoup":
 - yon asosyasyon ki pa pou fè pwofi dwe tabli ak jere fidisi an;
 - yo mentni fidisi an nan kont separe pou chak moun ki gen aktif yo nan fidisi an gwoup lan, men yo regwoupe kont sa yo pou plasman ak jesyon fon fidisi an;

se moun ki gen andikap lan, paran moun andikape an, pou granparan, oswa gadyen legal, oswa yon tribinal ki dwe tabli yon kont nan fidisi a pou moun andikape a ; ak

fidisi an dwe gen ladan li langaj deklare aprè lanmò moun ki gen andikap lan, fon òganizasyon ki pa pou fè pwofi a pa konsève yo Eta a pral resevwa yo, jiska nan nivo montan lajan Medicaid te peye pou moun lan.

Medicaid pa pral konte byen yo nan yon fidisi pou bezwen espesyal oswa fidisi regwoupe si yo satisfè kritè ki dekri yo. Revni ki detounen dirèkteman nan youn nan kalite fidisi sa yo oswa yo te resevwa ak mete aprè nan fidisi an p ap konte antanke revni. Yo dwe verifye si revni an te plase nan fidisi an vreman. Tout aktif fidisi an yo te bay moun ki gen andikap lan konte antanke revni.

Kijan mwen kapab Mande Distri Sèvis Sosyal Lokal la fè Bidjè Revni Mwen an Ankò Yon Fwa Kou Mwen Fin Kreve yon Fidisi?

Ou dwe bay distri sèvis sosyal yo yon kopi fidisi an. Ou dwe mete yon deklarasyon alekri k ap di kantite lajan nan revni chak mwa ou an ki prale nan fidisi an chak mwa.

Kijan Lajan ki nan yon Fidisi ki Pa Resous Mwen Aji sou Avantaj Medicaid Mwen yo?

- Lajan yo te peye w dirèk nan fidisi an konte antanke revni.
- Lajan yo peye yon moun dirèk pou w p ap pral konte antanke revni (pa egzanp, manje, lojman, bòdwo telefòn, edikasyon, distraksyon, elatriye.)

Kijan Mwen kapab Konnen Plis Sou Mizanplas yon Fidisi?

Si w enterese jwenn enfòmasyon konsènan mizanplas yon fidisi, ou ta dwe konsilte yon avoka oswa yon konseye finansye. Ou kapab jwenn yon avoka pou gratis lè w rele Biwo Èd Jiridik lokal ou an oswa Sèvis Jiridik yo. Pou lòt non avoka, rele Asosyasyon Bawo Lokal ou an oswa Eta ou an.

Nòt: Epitou, pou moun marye ak selibatè yo, aktif ou kapab itilize pou alimante yon fidisi ak ki p ap konte pandan w ap viv nan kominote an, ap pral konte pou detèmine kantite lajan revni ou dwe mete pou depans swen enfimye alontèm nan kay. Règ anplis aplike pou transfè ale ak sòti nan fidisi anba dispozisyon transfè aktif.

Si w marye epi kalifikasyon Medicaid ou an detèmine selon bidjetizasyon apovrisman konjwen avèk règ ki aplikab aprè kalifikasyon w (pa egzanp, ou te enskri nan yon plan Jesyon Swen Alontèm Medicaid), tout revni w yo mete nan yon fidisi pral konte pou detèmine kalifikasyon ou.

Enfòmasyon sa Jeneral.
Pou Jwenn Plis Enfòmasyon, rele nan 1-800-541-2831.